

# KONEKSYON

Yon Bilten pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

TOUJOU GEN KÈK PLAS MAGNET DISPONIB NAN DIVÈS LEKÒL M-DCPS

## MAGNETSCHOOLS GIVING OUR STUDENTS A WORLD OF CHOICES



Pa rate chans pou w aplike pou youn nan pwogram 'Magnet' nou yo, 'Magnet Schools of America' onore yon fwa ankò pou gwo akonplisman akademik. Yon lis pwogram 'Magnet' ki gen plas yo disponib nan <http://yourchoicemiami.org/magnet-program-availability/>.

### DAT POU NOU SONJE

- |         |   |
|---------|---|
| 29 me - | Fèt pou Onore Sòlda ki Mourir nan Sèvis Militè (Memorial Day) |
| 8 jen - | Dènye Jou Lekòl   |

### APRANTISAJ SOU ENTÈNÈT ATRAVÈ AKADEMI SOU ENTÈNÈT MIAMI-DADE

#### Miami-Dade Online Academy

Accredited K-12 Instructional Program

[mdo.dadeschools.net](http://mdo.dadeschools.net)

#### Enroll Now!

Full-time Virtual School! Six-course Program! 24/7 Access!

Award-winning Curriculum!



Akademi "Miami-Dade Online (MDO)" (Miami-Dade Sou Entènèt) ofri elèv yon pwogram edikasyonèl 'K-12' konplè aplentan sou Entènèt ki ofri aprantisaj nenpòt lè, nenpòt kote. Enskripsyon pou ane lekòl 2017-2018 la ap fini 21 jiye. Pou plis enfòmasyon, vizite <http://mdo.dadeschools.net/>.

Kenbe Paran Enfòme e Konekte

YON ELEV WESTLAND HIALEAH EDE SOVE LAVI YON MOUN



N ap prezante nou Thalia Rodriguez, elèv Lekòl Segondè Westland Hialeah ki te ede sove lavi Majò Carter nan ede aplike yon konpresyon sou youn nan janm li. Fòmasyon li te pran nan Depatman Ponpye Hialeah ak ladrès li te aprann nan Akademi Syans Sante nan lekòl li a te pèmèt li aji yon fason ki vit e definitif nan yon ka ijans.

### PLIZYÈ AKADEMI M-DCPS RESEVWA REKONESANS NASYONAL POU PREPARASYON POU KOLÈJ AK KARYÈ

Rezo NAF la idantife douz akademi "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) kòm akademi Distenge nan evalyasyon anyèl yo a, yon deziyasyon ki reprezante pi wo nivo akonplisman NAF. Sou 40 akademi nan rezo a ki atenn nivo Distenge a, gen 12 ki nan M-DCPS, pi gwo kantite pou kèlkeswa distri nan peyi a. NAF idantife 100 akademi adisyonèl kòm nivo Modèl, 20 nan yo nan M-DCPS, ki se tou pi gwo kantite pou kèlkeswa distri a.

Deziyasyon Distenge e Modèl NAF yo endike akademi sa yo ap ofri eksperyans edikasyonèl kalite siperyè pou elèv lekòl segondè nan prepare yo pou siksè nan kolèj ak karyè.



[news.dadeschools.net](http://news.dadeschools.net)

## 'U.S. NEWS & WORLD REPORT' NONMEN PLIZYÈ LEKÒL SEGONDÈ M-DCPS PAMI MEYÈ LEKÒL OZETAZINI

'U.S. News & World Report' anonse lis anyèl Meyè Lekòl Segondè Ozetazini li a, e "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) se yon lidè nasyonalman e atravè eta a. Distri lekòl la bay sèt nan 100 meyè lekòl segondè nan peyi a, mwatye nan 20 Meyè lekòl nan Florid e kat – 40 poustan – nan 10 Meyè Lekòl nan Florid. Pou jwenn lis konplè a vizite, <https://www.usnews.com/education/best-high-schools/rankings-overview>.

## M-DCPS FÈ EVÈNMAN SEREMONI 'VALUES MATTER MIAMI'

Premye Seremoni Prim Distri a 'Values Matter Miami' (Valè Enpòtan nan Miami), ki te fèt 8 me, te ofri yon opòtinite pou selebre edikasyon Lekòl Leta Miami-Dade County ofri elèv li yo ki baze sou valè. Nan de (2) dènye ane yo 'Values Matter' te yon faktè enpòtan nan amelyorasyon kilti ak konpòtman nan lekòl Distri a. Seremoni sa a se aboutisman efò ki fèt an 2016-2017 pou anseye, ransfòse, e selebre konpòtman elèv ki sou menm liy ak nèf valè debaz Distri a.



## YO NONMEN YON EDIKATÈ M-DCPS MEYÈ 'LIFECHANGER' POU ANE A

Meyè 'LifeChanger' pou Ane a se yon pwogram nasyonal ki rekonèt edikatè ak anplwaye lekòl ki fè yon diferans pozitif nan lavi elèv. Yo te nonmen Ana Rubio, yon pwofesè edikasyon fizik nan Lekòl Elementè Earlington Heights, gayan prim Meyè 'LifeChanger' Fondasyon 'National Life Group' pou Ane 2016-2017 la. Rubio se fondatè 'Streamline Miami' <http://www.streamlinemiami.org>, yon òganizasyon ki pa la pou pwofi ki ap ede elèv defavorize yo rete aktif e ansante apre lekòl.



## #GOBPROGRESS AP KONTINYE ATRAVÈ M-DCPS



#GOBprogress



Pou rive avril 2017, depans GOB ak travay sou kontra yo totalize apeprè \$541.3 milyon. Vizite <http://bondsforschools.dadeschools.net/> pou w ka wè tablo ki gen pwogrè ki ap fèt nan pwojè yo atravè M-DCPS.

## M-DCPS AP SELEBRE JOUNEN PAPA NAN EDIKASYON



## PWOCHEN REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL LA

24 me	10:00 dimaten	Odyans Piblik pou Materyèl Enstriksyonèl
	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye (Lekti Final - Zòn Prezans pou 2017-2018)
21 jan	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye

## Komisyon Konsey Lekòl Miami-Dade County, Florid

Doktè Lawrence S. Feldman, Chèmann

Doktè Marta Pérez, Vis Chèmann

Doktè Dorothy Bendross-Mindingall

Susie V. Castillo

Doktè Steve Gallon III

Perla Tabares Hantman

Doktè Martin Karp

Lubby Navarro

Mari Tere Rojas

Alberto M. Carvalho

Sipèèntandan Lekòl yo

Sebastian M. Lorenzo

Konseye Elèv nan Komisyon Konsey Lekòl la

Se Biwo Kominikasyon ki Pwodui Bilten sa a

Daisy Gonzalez-Diego

Ofisiye Anchèf Kominikasyon

